



Bay fanmi nou yo kapasite

Chè fanmi ak kòlèg,

Kòm yon edikatè depi lontan ak yon paran nan Lekòl Leta Vil Nouyòk, mwen konnen pèsònèlman enpòtans ki genyen nan bay fanmi kapasite. Yo dwe akeyi, respekte, epi apresye paran ak responsab nan kominote lekòl nou yo. Se youn nan [twa angajman](#) mwen te pran lè m te vin Chanselye pou premye fwa, ansanm avèk sekirite elèv ak sipò pou edikatè. Donk, pandan n ap kòmanse ane a, men kèk fason nou asire plas fanmi nan kominote a:

- **Lyezon pou fanmi (Family Connectors):** Kòm yon pati nan inisyativ NYCPS Cares nou an, volontè sa yo mete paran ak responsab an kontak avèk sèvis ak resous vil la genyen. Mwen ankouraje w pou [apran plis epi fè konnen si w enterese](#) pou vin yon Family Connector!
- **Aksè nan lang:** Ete sa a, nou te fè mizajou nan [Règleman Chanselye A-663](#) pou plis fanmi ka resewa materyèl lekòl nan lang yo prefere a. Ale sou sitwèb nou an pou [jwenn plis enfòmasyon sou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon](#).
- **Lidèchip paran:** Fanmi ranfòse lekòl nou yo lè yo bay opinyon yo nan [estrikti lidèchip paran](#) nou yo. Mwen ankouraje fanmi pou yo jwenn plis enfòmasyon sou [Konsèy edikasyon pou kominote ak pou tout vil](#) nou yo epi panse pou aplike pou [pòs vid](#) pou ede fòme sistèm lekòl nou an.

- **Kowòdonatè paran:** Kowòdonatè paran se estaf devwe ki nan lekòl pou asire fanmi fè pati ak patisipe nan kominote lekòl yo. Jwenn kowòdonatè paran yon lekòl avèk zouti [“Find a School”](#) nou an.
- **Konferans pwofesè-paran:** Premye konferans paran-pwofesè yo kòmanse semèn sa a epi y ap kontinye pou kèk nivo klas nan dat 25 septanm. Gade [konsèy sou konferans](#) sa yo pou plis enfòmasyon.

Pou estaf nou yo, nan non elèv yo, mèsì pou fason nou devwe ak travay di. Pou paran ak manm fanmi nou yo, mèsì pou kolaborasyon nou ak pou konfyans nou fè nou avèk pitit nou. Nou tout fè pati travay sa a.

Nan kolaborasyon,


Melissa Aviles-Ramos
Chanselye

Atansyon espesyal Chanselye a:

Lyezon fanmi nou yo (Family Connectors) ap sipòte kominote nou yo: bati relasyon, fè koneksyon, epi ogmante aksè nan resous enpòtan yo toutbon. Eksperyans lan trèbon, ni pou fanmi k ap resevwa sipò ni pou lyezon fanmi yo yomenm. [Jan yon lyezon fanmi di li a](#), “Kòm yon lyezon fanmi sa chanje lavi m literalman, paske li pèmèt mwen jwenn enfòmasyon mwen pa t janm konnen te egziste.” Mèsì, lyezon fanmi, pou lidèchip nou!

Nonmen yon moun oswa yon pwogram pou Atansyon espesyal Chanselye a [la a](#).

Video aktyalite nou an: [Language Access](#)



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an.

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Nouvèl ak resous NYCPS:

- Mwa Eritaj Panyòl se 15 septanm rive 15 oktòb! Gade [resous sou edikasyon, aktivite ak lekti yo rekòmande](#).
- Gade [opòtinite ki disponib pou elèv pou mwa septanm lan](#) nan [The Morning Bell](#).
- Pou jwenn nouvèl ak resous anplis, suiv NYCPS sou entènèt nan [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#), ak [YouTube](#).
- Men [videyo](#) Majistra Eric Adams pou semèn lan. Ou ka [anregistre pou resevwa mizajou](#) ki soti dirèkteman nan biwo Majistra a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl sa a ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).